*Қарақалпақстан Республикасы*

*Мәлимлеме – китапхана орайы*



# *«Елимиз ардағындағы шайыра ҳәм жәмийет ғайраткери »*

## *Гүлистан Мәтякубованың 70 жыллығы мүнәсибети менен*

*Нөкис - 2018 жыл*

## *Кирисиў*

Гүлистан Мәтякубова өзбек ҳәм қарақалпақ әдебиятына тең дәрежеде хызмет ислеп киялтырған дөретиўши. Гүлистан Мәтякубова Қарақалпақстан халық шайырасы. Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты, еки туўысқан халықтың әдебият дослығының пидайы күйшиси елимиз ардағындағы жәмийетлик ғайраткери. Шайыраның дәслепки китапшасы «Толқыўдың жети реңи» деп аталады. Усыннан баслап онлаған китаплары басылып шықты. Гулистан Матякубованың соңғы он жылларда көркем ой - пикири тереңлести. Гүлистан Мәтякубова көп санлы поэзиялық ҳәм публицистикалық шығармалары менен халқымызға кеңнен танылған. Оның дөретпелери қарақалпақ, өзбек, рус ҳәм басқа тиллерде жәрияланып келмекте. Оның дөретиўшилигине күшли ҳазарланыў, үлкен қуўанышлар үлкен бийкарлаў ҳәм тән алыў сезимлери кирип келе баслады. Гүлистан Мәтякубова «Дәрьяға батып баратырған қуяш» дәстанында халқымыз тарийхын тек шайыр көзи менен емес, перзент көзи менен де көреди. Биз «тәғдир миллетимизге көп шайыралар инам еткен» деп мақтананыш етиўди жақсы көремиз. Зебуниса, Надира, Увайсий, Зульфияханым деп олардың исмин атап өтемиз. Бүгин де олардың даўамшылары көплигинен қуўанамыз. Жыллар сынақлар қәлемин де, сабыр-тақатын да жигерлендиргени аян болып турыпты. Ҳаял дөретиўши болса өзиниң кеўил кеширмелерин толығы менен образларға сиңдириў ийбениўи себепли аз да болса, жасалмалыққа жол қояды. Оның соңғы жылларда дөреткен «Дәрьяға батып баратырған қуяш», «Зияға батып баратырған дәрья», «Зульфия» дәстанлары жүректиң мәңгилик қосығы-мухаббат азаплары менен руўҳтың еки матeриги арасындағы қыйналыўларын жыраў киби қуйылып жырлайды.

Қәлбим жубаттыңыз, соң жылаттыңыз,
Мен енди дәртлерим айтаман кимге?
Кең әлем! Бақ мениң көзиме сиңген,
Өзиңнен де шексиз дүнья жүзине.

Шынында да, ҳаял бола турып шайыр болыў аңсат емес. Алла оларға аналық қысметин рәўа көрип, үлкен машақатлар, үлкен мухаббатлар инам еткен. Шайырлық «жүк» те бәлентлик болсын, бәрибир оны әмеллеп тартыў ҳәр кимге де несип ете бермейди. Ҳәр бир жақсы китап шайырдың перзенти киби дүньяға өзинен естелик болады. Ол өз пикирлерин туўрыдан – туўры айта алатуғын шайыр. Бул нәрсе әсиресе, оның елдиң улларын мәртликке шақырыўшы, елди қорғаў, туўған жер ғәрезсизлигин жырлаўшы, адамгершилик ҳәм ер жүрекликликти улығлаўшы қосықларында айқын көзге тасланады. Гүлистан Мәтякубова өзиниң қосықлары, көлемли дәстанларында қайғылы ҳәдийселерди сәўлелендирип, олардың ҳасыл - мәнисин барлық қурамалығы, қарама-қарсылықлары арқалы сүўретлеў арқалы жаңа бахыт-ығбал, әдалат салтанатын тәмийиенлеўге шақырық таслайды. Әйне усы шақырық қәлиб туйғыларына суўғарылған оғада тәсирли қосық қатарларына сиңдирип жиберилген.

Бир пәрше қағазға жайласқан Ўатан,
Еки сызық болып тартылған дәрья.
Жайҳун, Сайҳун дәрья,
Баўыры кең дәрья,
Мениң жүрегимдей ҳеш жерге сыймай
Өзин төрт тәрепке урыўшы дәрья…
Гәҳи ҳәсиретлерден, гә көз жаслардан,
Гәҳи арманлардан толыўшы дәрья.
Гә пысқырып
Күшли, кең жаўырын аттай,
Темир туяқлары тасларға батып,
Ушқынлар шақнап
Жаныўшы дәрья…

Ҳәр қандай зейинли оқыўшының көз алдына усы қатарлар география картасын пайда етип, ондағы еки сызық Әмиў  ҳәм Сырдәрьяларының символы екенлигин түсиник бермей аңлатады. Бул еки дәрья өзине тән еки символға айланып, мәрт халқымыздың  пүткил өмири өз ҳуқықы, өз ерки, ҳүрлиги ушын гүрес пенен кешип атырғанына гүўа болғандай тәсир қалдырады. Бул әлем бир қарағанда жүдә әпиўайы болып көриниўи ҳеш гәп емес. Ҳасылында қуяш-бул меҳир, мухаббат, ышқы символы сыпатында көрсетилген. Булардың ҳәммеси Гүлистан  Мәтякубованың өзине тән тәкирарланбас, тәсирли поэзиялық әдебий-көркем әлем жаратыўға умытылып атырғаны менен, ҳәзир әйне усы әлемде мазмунлық ҳәм формалық жақтан байытыў жолында искерлик көрсетип атырғанлығынан дәрек бермекте. Гүлистан  Мәтякубова отыз жылдан берли көркем дөретиўшилик машақатларына пүткил талантын сарп етип, бирнеше жүзлеген қосықлар ҳәм дәстанлар  менен бирге гейде гүрриңлер, повестьлер, публистикалық мақалалар бастырып шығарып атыр. «Жүрек пенен жүзбе-жүз» қосықлар топламында талантлы шайыра кеўил нағыслары, жүрек дүрсиллери түскен қосық қатарлары менен өз қәлбине, өз оқыўшыларына шайырана мүрәжат етеди. Шайыра Гүлистан  Мәтякубованың ашықлық жүрек пенен жазылған усындай жипек сезимли хоширей лирикасы - поэзия қуштарларының да кеўилханаларына нурлы илҳам шапағына бөлейтуғынына исенимимиз кәмил. Гейде драматургияға да қол урмақта. Гүлистан  Мәтякубованың 2014 -жыл жазылған «Ата үйим» қосықлар топламына кирген ҳәр бир қосықта сиз ата үйинде излегенлериңизди тапқандай боласыз. Шайыра  биринщиден әдебияттың түрли жанрларында бирдей қәлем тербете алатын қәбилетке ийе дөретиўши екенин тастыйықлай алады. Екиншиден, топламда орын алған ҳәр бир жанрына қарамастан қарақалпақ  үлкесиниң қайталанбас тәбияты, миллий руўҳда талқыланғаны Гүлистан  Мәтякубованың  ана  журтына деген сүйиспеншилигинен дерек береди.

Библиографик: дизим .

1. Кирисиў
2. Гүлистан Мәтякубова өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети
3. Гүлистан Матякубованың өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети дәўириндеги тийкарғы сәнелер
4. Гүлистан Матякубованың алған атақ ҳәм сыйлықлары
5. Гүлистан Мәтякубованың қосықларына жазылған намалары
6. Гүлистан Матякубованың шығармалары шет тиллеринде
7. Гүлистан Мәтякубова шығармалары қарақалпақ тилинде
8. Гүлистан Мәтякубова шығармалары ўзбек тилинде
9. Гүлистан Мәтякубова шығармалары рус тилинде
10. Гүлистан Мәтякубова ҳәм шығармалары ҳаққында

***Гүлистан Матякубованың өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети***

Сөз шебери ҳәм жәмийетлик искер. Қарақалпақстан халық шайырасы, журналист, Өзбекстан Республикасында хызмет көрсеткен мәдений хызметкери. Гүлистан Матякубова быйыл 70 жасқа толады. Аннакличева Гүлистан Ахмедовна (Матякубова) 1948-жылы 20 июньда Төркул қаласында темирши уста шаңаракта туўылған. Миллети өзбек. Орта мектепти 1966 жылы тамамлаған. 1972-жылы Ташкент Мәмлекетлик университетиниң журналистика факультетин сырттан оқып тамамлаған. Сол жыллар ишинде Төркул аймақлық радиоеситтириў ислеринде диктор, район газетасында корректор, ис жүритиўши, бас редактор лаўазымларында жумыс ислеген. 1991-жыл Ташкенттеги Жоқары партия мектебин тамамлаған.

Өзбекстан Халық демократик партиясы ағзасы.

Гүлистан Матякубова ески Жайҳун бойларында туўылып, Қаратаў жаўынларына жүзин тутып өскен шайыра. Қарақалпақстан деп аталған бул аймақта онлаған әййемги қорғанларымыздың излери бар. Ҳәр бир қорған түбинде бабаларымыздың мәртлигинен дәрек бериўши уллы әпсаналар жасайды. Қырыққызлар, халық аўызеки дөретиўшилигинде азатлық символларынан бирине айланған атақлы Гүлайым- булар бәри бирлесип, усы аймақ дөретиўшилерине руўых береди. Гүлистан Матякубова дөретиўшилигинде де әне усы руўых нәпеси сезиледи.

Аты әдебият атап айтқанда поэзия ышқыпазларына көптен таныс ҳәм сүйикли, Гүлистан Матякубованың әдебиятқа қәлем тербетип, поэзиялық ҳәм прозалық шығармалар жаза баслағанына көп жыллар болды. Шайыраның дәслепки қосығының Төрткул районлық газетасында жарияланып шыққанына да 40 жыл толған. Бул арада Гүлистан Мәтякубованың шығармалары Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстанның газета ҳәм журналларында турақлы турде жәрияланып келди. Оның өзбек, қарақалпақ ҳәм рус тиллеринде 10 ға жақын қосық ҳәм прозалық китаплары басылып шықты. «Бахыт алып кел бәҳәр»(1979 ж), «Толқыўдың жети реңи» (1982 ж), «Айдын босаға» (1983 ж), «Сүйип қалсын» (1985 ж), сыйяқлы өзбек тилинде жәрияланған топламлары, «Нурлы күнлер» (1988 ж), сықлы повесть ҳәм гүрриңлери, «Жүрек пенен жүзбе-жүз» (1989 ж) қосықлар топламы қарақалпақ тилинде жәрияланған. «Прекрасное чувство» (1989 ж), атлы китабы рус тиллеринде басылып шықты. «Излегенлерим» (2000 ж), «Айбалдақ» (2001 ж), «Муҳаббат журты» (2002 ж), «Қалб зүрәәти» (2004 ж), «Қайытпақ ушын келмектемен» (2007 ж), «Ўатан руўхы» (2011 ж) шығармалары Ташкент ҳәм Нөкис қаласында басылып шықты.

Дөретиўшиликке хәр бир қәлем ийесиниң өз жолы хәм хаўазы болыўы күтә әхмийетли. «Дәрьяға батып баратырған қуяш» (1998 ж) қосықлар топламы хәм оған қосып берилген дәстанын оқып отырып дәрхал қыялыңа төмендеги пикирлер келеди, хәр бир инсанның, ол алым ба, искер ме, шайыр ма яки әпиўайы пуқара ма, буннан бийғәрез кеўлинде өзиниң қуяшы хәм дәрьясы болар екен. Дәрья, зия, сиз, мен хәм қуяш… Бул сөзлер өз алдына айтылса, олар оғада әпиўайы мәниге ийе болып, хешкимди хайран қалдырмайды, толқытпайды.

***Сизди берип маған қудайым,***
***Қуяшымыз батқан дәрьяға.***
***Толқынларға нур болып сиңип,***
***Дәрья болып толған зияға***

Гүлистан Мәтякубованың көпшилик шығармаларын қосықлар топламын оқысаң таң қаларлық хәм әжайып әлемге киргендей боласыз. Мысалы «Дәрьяға батып баратырған қуяш» Хасылында қуяш - бул мехир, мухаббат, ышқы символы сыпатында көрсетилген.

Булардың хәммеси Гүлистан Мәтякубованың өзине тән тәкирарланбас, тәсирли поэзиялық әдебий-көркем әлем жаратыўға умтылып атырғаны менен, хәзир әйне усы әлемде мазмунлық хәм формалық жақтан байытыў жолында искерлик көрсетип атырғанлығынан дерек бермекте. Соның менен бирге, усы әлем сөз өнерине мисли көрилмеген уллылық дәрежесине көтерилген деп жар салынып атырған жоқ. Бул әлем бир қарағанда жүдә әпиўайы мәниге ийе болып көриниўи хеш гәп емес. Гүлистан Мәтякубованың творчествосының өзине тән тәреплери соннан ибарат, ол турмысты сын менен бақлайды.., басқалар сезбеген ямаса мәни бермеген әпиўайы ғана турмыс хақыйқатты салдамлы пикир айтыўға хәрекет етеди. Ол бүгинги күнде Өзбекстан хәм Қарақалпақстан Республикасына кеңинен таnылған зейинли дөретиўши болып жетисти. Бүгинги күнде оның шығармалары тек өзбек хәм қарақалпақ китапқумарлары емес, туўысқан республикалардың, сол менен қатарда түркмен хәм қазақ оқыўшылары да оқып атырғанлығын қуўаныш хәм мақтаныш пенен айтамыз. Көркем жақтан жетилискен шығармалары арқалы өз әдебияты менен бир қатарда өзге әдебиятларға хызмет етип киятыр

дөретиўшилердиң мийнети хәм ғайраты хәр қандай мақтаўға сазаўар хәм хәр қанша сыйлықланса арзыйды. Гүлистан Матякубова 1985-1990 жылларда Қарақалпақстан Республикасы Жоқары Совети Президумы Секретары,1990-1995 жыллар аралығында Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Комитети баслығы хәмде Жоқарғы Кеңесиниң баслығы орынбасары ўазыйпасын басқарыўшы лаўазымларда жумыс алып барды. 1995-1998 жыллар аралығында Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси баслығының орынбасары, Хаял-қызлар комитетиниң баслығы болып иследи. 1998-2005 жылларда республика Жоқары Кеңеси хәм Министрлер Кеңесиниң органы «Аму таңы» газетасында Бас редактор болып иследи. 2005-2010 жылларда Өзбекстанда палаталы Парламент өз жумысын баслағанда Өзбекстан Республикасы Қонуншылық Палатасы депутаты ўазыйпасында иследи.. Гүлистан Матякубова 2005 жылдан Хаял-қызлар комитетиниң «Гүлайым» газетасына, 2011 жылы январь айынан баслап Өзбекстан Республикасы ғәрезсизлигиниң 20 жыллығы мүнәсебети менен Қарақалпақстан Республикасы Жазыўшылар Кеңесиниң «Қарақалпақ әдебияты» газетасына тийикар салды. Хәзирде бул газеталар өзиниң мыңлаған оқыўшысына ийе. 2010-2017 жылға шекем Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң хәмде Қарақалпақстан Республикасы министрлер Кеңесиниң “Қарақалпақстан таңы” газетасы Бас редакторы лаўазымында жумыс алып барды. 2017 жылдан хәзиргеше “Қарақалпақ әдебияты” газетасы бас редакторы лаўазымында жумыс ислеп атыр. Гүлистан Мәтякубованың қосықларына бирнеше композиторлар нама жазды.

1984-2014 жылларда 4 ши шақырық Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине депутаты болып сайланды.Рус тиллеринде басылып шыққан, “Земля отцов”, “Прекрасное чувство” поэзиялық хәм публистикалық шығармалары, сондай-ақ интернеттеги “Стихи РУ”, “Проза РУ” сайтларында дағаза қылынған 300 ден артық шығармалары ушын Россияның “Искусство народов мира”, “Халқара Ассоциациясының лауреаты” сыйлығын алды. 2011 жылда ғәрезсизлик жылларында дөреткен Ана Ўатан, халқымыздың азат хәм абат

өмири  хаққындағы публицистик ҳәм поэзиялық шығармасы “Ватан руҳи” китабы ушын ғарезсизликтиң 20 жыллығына бағышлап  “Энг улуғ, энг азиз” атамасында республика таңлаўында жеңимпаз болды. 1983 жылда Өзбекстанда хызмет көрсеткен мәдeният хызметкери, 2002 жылы Қарақалпақстан халық шайырасы. Шаңарақлы. 4 улы, 2 қызы, 10 ақлығы, 3 шаўлығы бар. Биз «Изленгенге ығбал яр болсын» деймиз. Қулласы, шайырдың пүткил дөретиўшилик әлеми өз алдына изертлеўди талап ететуғын, үлкен илимий мийнетлерге тема болатуғын,  рәңбе - рәң сезимлерге бай әлем.

***Ана топырақ айналы әйўан.***
***Бизлер оған бир мийтин үстин,***
***Айлансақ та, гезсек те жәҳән,***
***Бул әйўанға қайтамыз бир күн.***

***Ыссы тамшы киндиктиң қаны,***
***Бул әйўанға бизди бәнт қылған,***
***Жолларында өскен нәлшеге,***
***Жан ҳәм жисмимизди бәнт қылған.***

Гүлистан  Мәтякубова мине быйыл 70 жасқа толып отыр. Бул сәне Қарақалпақстан Республикасының барлық мәдений ҳәм жәмийетлик орынларында кеңнен белгиленбекте.

## *Гүлистан Матякубованың өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети дәўириндеги тийкарғы сәнелер*

1948-жылы 20-июньда Төрткул қаласында темирши уста шаңырақта туўылған

1964-1966ж. - Төрткул радиосында редактор

1966-1966ж. - Төрткул районы газетасы корректоры

1966-1968ж. - Төртул районы жаслар комитети мектеплер бөлими баслығы

1968-1969ж. - Төрткул қаласы 3-санлы балалар бақшасы баслығы

1969-1970ж. - Төрткул районы газетасының корректоры

1970-1977ж. - Төрткул районы радиосы редакторы

1977-1981ж. - Төрткул районы газетасы хаткери

1981-1985ж. - Төрткул районы газетасы бас редакторы

1985-1990ж. - Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Совети Президиумы орынбасары

1990-1995ж. - Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Райсының орынбасары ўазыйпасын атқарыўшы ҳәм мәмлекет хәкимияты ҳәм өзин-өзи басқарыў органлары мәселелер комитети баслығыы.

1995-1995ж. - Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси хаткери баслығы.

1995-1998ж. - Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси баслығының орынбасары, Республика Ҳаял-қызлар комитети баслығы.

1998-2005ж. - "Аму таңы" газетасы бас редакторы.

2005-2010ж. Өзбекстан Республикасы Жоқары Мәжилиси Қонуншылық палатасы депутаты

2010 – 2017ж. "Қаракалпақстан таңы" газетасы бас редакторы

2017 ж**.** ҳәзиргеше “Қарақалпақ әдебияты” газетасы бас редакторы.

***Гүлистан Матякубованың алған атақ  ҳәм  сыйлықлары***

1983-жыл. Өзбекстан Республикасында хызмет көрсеткен мәденият хызметкери.

2002- жыл. Қарақалпақстан халқ шайрасы.

2016-жыл.“Пидайы мейнетлери ушын” ордени.

***Гүлистан Мәтякубованың қосықларына жазылған намалары***

1. “Жолларыңа шықтым”  композитор Аман Жумабаев
2. “Қаратаў ертеклеринде”  композитор Нурман Мусаев
3. “Кел жаныма” композитор Аман Жумабаев
4. “Наўрыз” композитор Нажмиддин Муҳаммеддинов
5. “Ойлайман сени” Қадир Ҳилалов.
6. -Ғәрезсизлик–композитор Нажмиддин Муҳаммеддинов
7. -Сондай еркин заманлар- композитор Ажинияз Пахратдинов
8. Жанлы Армиям- Улуғбек Атажанов намасы
9. Азим Пайтақтым-Ражив Атажанов намасы
10. Жаңа күн- Ажинияз Пахратдинов намасы
11. Ўатан бир гүл- Ажинияз Пахратдинов намасы
12. Кел, Наўрыз- композитор Нажмиддин Муҳаммеддинов
13. Азат Ўатаным бар- Ажинияз Пахратдинов намасы
14. Таңда самал еседи- (“Гүлайым” операсынан Н.Мухаммединов намасы)
15. –Конституциям-Улуғбек Атажанов намасы

ҳәм буннан  басқа 30 дан артық қосыққа нама жазған.

*Гүлистан Матякубованың шығармалары шет тиллеринде*

1. 2002 жылда “Искусство народов Мира” Ассоциациясы Правлениесиниң қарары менен “Лауреат Искусство Народов Мира”сыйлығы менен сыйлықланды..

2. 2002 жылда Туркияда басылып шыққан қосықлар альманахында қосықлар топламы (түрк тилинде).

3. 2003 жыл мартда Түркменстан “Қизилкум” журналында қосықлар топламы (түркмен тилинде).

4. 2004 жылда Германияда шыққан шарқ шайырлары альманахында қосықлар топламы (немис тилинде).

5. 2010 жылда апрелде Москвада “Творчество народов мира” газетасында басылып шыққан публицистика ҳәм қосықлары (рус тилинде)

6. Интернетдеги Россияның www.gulistan2006.narod.ru/job.htm

<a href="http://www.proza.ru/avtor/qangli">Гулистан Матякубова на сервере Проза.ру</a> “Проза Ру”, “Стихи Ру” сайтларида 300 дан ортиқ асарлари рус тилида электрон шаклида эълон қилинган.



***Гүлистан Матякубованың шығармалары қарақалпақ тилинде***

**1977**

1. Ушырасыў: [гурриң] // Әмиўдәрья. - 1977.- №4.-30 - 36 б.

1979

2. Кеўилде бәлентлер Ўатан аспаны: [публистика] // Сов. Қарақалпақстаны. - 1979. – 24 май.

**1980**

3. Аналардың кеўли жай болсын деп: [ қосық ] // Сов. Қарақалпақстаны. - 1980. – 28 окт.

**1982**

4. Бахыт келтирген бәҳәр: [гүрриңлер]. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1982. - 78 б.

**1985**

5. Оқылмаған хат: [гүрриңлер, новеллалар] // Әмиўдәрья. - 1985.- № 10.-45 - 46 б.

**1987**

6. Нурлы күнлер:[повесть ҳәм гүрриңлер ]. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1987.-152 б..

**1996**

7. Жайҳун жағасында өскен бәйтерек: [публистика]. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1996.-133 б.

1997

8. Уллылық келмекте Өзбекстанға: [Әдебий көркем публистика] // Еркин Қарақалпақстан. -1997.- 12 июль.

1998

9. Бағжап, Сағыныш, Бүгин жаўын жаўды, Кеўлиме, Сизди таптым, Сениң қара көзлериңде жасар мың саўал, Асырағым келер: [ қосықлар ] // Әмиўдәрья. -1998.-№3-23 б.

10. Бүгин аспан бизиң жүрекке енди: : [ қосық ] //Еркин Қарақалпақстан.- 1998.- 20 июнь.

1999

11. Бәҳәрди тыңладым қумыры қустан: [ қосық ] // Еркин Қарақалпақстан.- 1999.- 23 май.

12. Өзбекстаным: [ қосықлар ] // Қарақалпақстан Муғаллими.- 1999.- 100 б.

2001

13. Биз керекпиз достым, бир- биримизге: [ қосық ] // Еркин Қарақалпақстан.- 2001.- 1 янв.

14. Мухаббатты, Тау болсаңда …Айдай демегил, Өзгелер: [қосықлар] // Қарақалпақстан жаслары. - 2001.- 1 февр.

15. Нурстанға нур үстине нур келди: [поэзия] // Еркин Қарақалпақстан.- 2001.- 20 март.

2002

16. Ким үшиндүр керекпен: [қосықлар]. - Нөкис: Билим, 2002.- 56 б.

2003

17. Үмит таулары: [ қосық ] // Еркин Қарақалпақстан.- 2003.- 25 нояб.

2004

18. Қалб зүрәәти:.- Нөкис: Қарақалпақстан, 2004.- 392 б.

2011

19. Ўатан руўхы: [публистика ] // Еркин Қарақалпақстан. -2011. – 24 май.

2015

20. Әкемниң жаслығы ҳаққында еле көп нәрселерден бийхабар екенмен, дейди қызы Айжамал Юсупова: [Ибрайым Юсупов ҳаккында] // Еркин Қарақалпақстан. -2015.-7 май.

.

21. Елиме жарасар Наўрыз нәпеси: // Еркин Қарақалпақстан. - 2015.-17 март.

22. Нызамлар халқымыз үшын хызмет етеди: [Жоқары Кеңес Сенатының III жалпы мәжилисинен соң: мүнәсибет] // Еркин Қарақалпақстан. - 2015.-13 авг.

23. Нызамға хурмет - жоқары хуқықый сана ҳәм мәдeният белгиси: [Өзбекстан Республикасының Конституцисы] // Еркин Қарақалпақстан. - 2015.-15 дек.

2016

24. Аяқ ойын өнеринде миллет руўхы жасайды: [Қарақалпақ миллий аяқ ойын өнери: кеше ҳәм бүгин] // Еркин Қарақалпақстан. - 2016.-13 авг.

25. Наўрыз әййямы - абаданлық ҳәм пәраўанлық, уллы нийетлер мақсетлер нышаны: [Ғәрезсизлигимиздиң 25 жыллығына] // Еркин Қарақалпақстан. - 2016.-15 март.

26. Нызамлар: Инсанның бахты-ығбалы, елимиз пәраўанлығы, реформалар нәтийжесине хызмет етеди. // Еркин Қарақалпақстан. - 2016.-10 март.

27. Нызам үстинлиги - журтымыз тураклылығы ҳәм пәраўанлығын беккемлемекте. // Еркин Қарақалпақстан. - 2016.-9 апр.

28. Сайлаў ҳәм ҳаял-қызлар: Сайлаў. – 2016 // Еркин Қарақалпақстан. - 2016.-12 нояб.

29. Халық пенен бирге болыў - уллы бахыт: Өзбекстан Республикасы Конституциясының 24 жыллығына бағышланған салтанатлы мәресим ҳәм Жоқары Кеңес палаталарының қоспа кеңесинен кейинги ойлар [публицистика] // Еркин Қарақалпақстан. - 2016.-24 дек.

2017

30. Конституция - даңқымыз ҳәм мақтанышымыз: [Өзбекстан Республикасы Конституциясының 25 жыллығы алдынан] // Еркин Қарақалпақстан. - 2017. - 31 окт.

31. Пидайылық раўажландырар журтымызды...: [Ғәрезсизлигимиздиң 26 жыллығы алдынан Мойнақ районының жетискенликлери, Арал теңизи хаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2017. - 15 авг.

32. Халқының пидайы перзенти: [Атақлы мәмлекетлик ғайраткер, жазыўшы Шараф Рашидовтың 100 жыллығына ] // Еркин Қарақалпақстан. - 2017. - 18 май.

***Гүлистан Матякубованың шығармалары өзбек тилинде***

1982

33. Жўралар: [ новелла] // Ўзбек адабиёти ва санъати.-1982.- 14 май.

1993

34. Айтгин менга Турткўл ҳақида: [ поэма].-Нукус: Қорақалпоғистон, 1993.-56 б.

35. Мен сен учун яшаяпман: [ шеърларлар, поэмалар]. -Нукус: «Шайдырбай Сейтовтың китоб фирмасы», 1993.-124 б.

1997

36. Буюклик келмоқда Ўзбекистонга: [адабий, бадий публистика ] // Аму тонги.-1997.-23 май.

37. Йўлларингга чиқдим: [ шеърлар, сонетлар,поэма ва опера учун либеретто] . - Нукус: Қорақалпоғистон, 1997.-440 б.

38. Озод юрт, обод ҳаёт: [ адабий, бадий публистика ] // Аму тонги.-1997.-9 май.

1998

39. Бу кунгил, Топмассан, Биз терган чечаклар: [шъерлар] // Кузгу.-1998.-4 июнь.

40. Дарёга ботаётган қуёш: [достондан парча ] // Ёзувчи.-1998.-28 окт.

41. Салом менинг она юртим : [шъер] // Узбекистон овози.-1998.-11 июнь.

2002

42. Гулга мегзар бу замин: [шъер] // Халқ сузи.-2002.-27 июль.

43. Мухаббат юрти: [ бадий қиссалар,ҳикоялар, қатралар, суҳбатлар]. - Т.: Абу Али Ибн Сино, 2002.-400 б.

44. Навруз: [қушиқ] // Аму Тонги.-2002.-21 март.

2003

45. Бусаға: [шъер] // Аму Тонги.-2003.-11 сент.

46. Озод тонгим,замоним бор: [қушиқ] // Халқ сузи.- 2003.-12 сент.

2007

47. Қайтмоқ учун кетмоқдаман:-Нукус: Қорақалпоғистон, 2007.-320 б.

48. Мангулик: [қушик] // Узб.адабиёти санъати .- 2008.-25 янв.

2011

49. Ватан руҳи: [ мақолалар,шеърлар, достонлар]. - Нукус: Қорақалпоғистон, 2011.-176 б.

50. Ер ҳам эл биландир эл ҳам ер биландир: [публистика] // Қорақалпоғистон тонги. 2011.-17 март.

2014

51. Ота уйим: [шеърлар, таржимонлар, кино-қисса, сухбат, мақолалар,]. -Toshkent: Sharq, 2014.-448 б.

2015

52. Отамнининг ёшлиги ҳақида ҳали куп нарсалардан беҳабар эканман: [Ибройим Юсуповнинг қизи Ойжамол Юсупова билан отаси хақида сухбат] // Қарақалпақ әдебияты. - 2015.- май.

2016

53. Наврузи олам - ободлик ва фаровонлик улуғ ниятлар ва максадлар саодатидир: [Мустақиллигимизнинг 25 йиллигига] // Qoraqalpog'iston tongi. - 2016.-17 март.

54. Рақс санъатида миллат руҳи яшайди: [Коракалпок миллий рақс санъати кеча ва бугун] // Qoraqalpog'iston tongi. - 2016.-23 июнь.

55. Халқ билан бирга булиш бахти: [Бердақ - 189 ёшда] // Қарақалпақ әдебияты. - 2016.- дек.

2017

56. Жәмийетлик ой - пикир ийелери болыў - Ўатанға пидайылық үлгиси: [Президентимиз Шавкат Мирзиеёвтың "Әдебият ҳәм көркем өнерди, мәдениятты раўажландырыў - халкымыздың руўхый дуньясын жетилистириудиң беккем тийкары атамасындағы баянатынан кейинги ойлар"] // Еркин Қарақалпақстан. - 2017. - 19 авг.

***Гүлистан Матякубованың шығармалары рус тилинде***

57. На кроны солнечных чинар гляжу: [из поэмы «Отец»] // Вести Қаракалпакстан.-1999.-6 март.

58. Публистика, эссе, повесть. I-том . [избранное ]. -Нукус: Билим,-2015.-332 с.

59. Стихи, сонеты, поэмы, либретто для оперы, поэзия и прозе. II-том . [избранное ] .-Нукус: Билим,-2015.-364 с.

***Гүлистан Матякубова ҳәм шығармалары ҳаққында***

**1993**

60. Есемуратова Г. Мерекениң жарасығы қыз бала: [Г. Мәтякубова ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 1993.- 16 февр.

61. Есемуратова Г. Шыңларға өрлеп баратырған шайыра: [Г. Мәтякубова творчествосы ҳаққында ] // Еркин Қарақалпақстан. –1993.- 9 янв.

62. Төрешова Н. Ҳәр кимниң айтар сөзи бар: [Г . Мәтякубова ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. – 1993.-19 июнь.

1994

63**.** Худайбергенов Т. Гөззал көринеди, бул журт көзиңе «Ҳеш жаққада кете алмайсаң, жибермейди булл журттың дәрти» дейди: [Бердақ атындағы

Қарақалпақстан Мәмлекетлик сыйлығының лауреаты шайыра Гүлистан Мәтякубова ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 1994. – 2 июль.

1997

64. Рахимбоев Қ. Руўх бәлент, үмитлер қанатлы: [Бердақ атындағы Қарақалпақстан Мәмлекетлик сыйлығының лауреаты шайыра Гүлистан Мәтякубова менен сәўбет ] // Еркин Қарақалпақстан. – 1997.- 28 авг.

65. Раҳимбоев Қ. Руҳ баланд, умидлар қанотли: [Бердақ номидаги Қорақалпоғистон Давлат мукофоти лауреати шоира Гулистон Матёкубова билан суҳбат, Ўзлигини англаётган эл ] // Миллий тикланиш. – 1997.- 19 авг.

1998

66. Ахмедов М.Рухий олам манзаралари: [Г. Матякубованинг «Дарёга ботаётган қуёш» достони туғрисида] // Аму тонги. - 1998.- 16 апр.

1999

67. Кудайкулов И. Дөретиўшиликтиң алтын мийуасы: [Г. Мәтякубова ҳаққында] // Қарақалпақстан жаслары. - 1999.- 15 июль.

2000

68. Қайыпбергенов Т. Азат кеўил ғумшалары: [Гүлистан Мәтякубованың «Излаганларим» китабы ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2000.- 21 окт.

69. Раҳимбаев Қ. Миллет аман болса, Ўатан да аман: [Гүлистан Мәтякубованың «Дәрьяға батып баратырған қуяш» атлы китабы ҳаққында] // Әмиўдәрья. - 2000.- 58-61 б.

2001

70. Қурамбаев К. Руўхый қәдириятлардан мәдет излеген шайыра: [Г. Мәтякубова ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2001.- 5 апр.

2008

71. Төрешова Н. Шайырлықтың илаҳий әлеми: [Г. Мәтякубованың дөретиўшилик портретине штрихлар] // Еркин Қарақалпақстан . - 2008.- 19 июнь..

2009

72. Қурамбаев К. Бадий истеъдод жилалари: // Аму тонги. - 2009. -18 июль.

2012

73. Базарбаев Ж. Дәрьяға батқан қуяш, қәлибке сиңген дәрья: // Еркин Қарақалпақстан. - 2012. - 21 июль.

2015

74. Қурамбоева  Г. Лирикада поэтик образ яратиш маҳорати: [Гулистон Матёкубова шеърияти мисолида]  // Қарақалпақ әдебияты. - 2015.- июнь.

2016

75. Омонов Б. Адабиёт - кунгил кузгуси, шеръият - инсоннинг туқилишидир: [Г. Матёкубованинг "Уйғониш нашидаси" китобини уқиб] // Қарақалпақ әдебияты. - 2016.-июль.

Дүзиўши:

Үлке таныў сектор баслығы. Ж. Тлеўбаева.